

EPIZÒD: JISTIS

MO JODI A : JISTIS

REZIME EPIZÒD LA



Fara ak Tilou ap antrene pou seleksyon foutbòl k ap fèt nan ekip katye yo a. Fara fò anpil. Lè yo ale pou seleksyon an, antrenè a pa chwazi Fara paske li se ti fi. Lili, Ema, ak Jòj leve kanpe pou defann dwa Fara. Ak èd Tilou, Fara te rive antre nan ekip la. Antrenè a admèt li te fè erè paske li pa t chwazi Fara.



Estè al vizite kou kasasyon ak papa l ki se yon avoka. Nan sal odyans la, li idantifye wòl moun yo selon kote yo chita nan sal la. Gen avoka, grefye, asistan, jij. Nan bibliyotèk la, li wè anpil liv ki gen lwa peyi a. Li wè pòtrè Erta Pascal Trouillot ki te yon jij avan li te vin premye fanm prezidan Ayiti.

POZE TIMOUN OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ?
3. Daprè ou, eske antrenè a te gen dwa pa chwazi Ema paske li se ti fi ? Pou ki sa ?
4. Ki diferans ki genyen ant ekite ak egalite ?

FÈ AKTIVITE AK TIMOUN OU YO

1. Konte lèt nan mo

Objektif : Timoun nan ap kapab konte konbyen lèt, vwayèl, konsòn ki gen nan yon mo.

Materyèl : Tablo, lakrè (oubyen makè), kaye, kreyon

Etap 1 : Mande timoun yo tout mo yo konnen ki konekte ak Jistis. Ekri yo sou table a.

Enpòtan : Si timoun yo gran, ou ka mande yo ekri mo yo nan kaye yo.


Men kèk lide : Ekite, jis, respè, tolerans, egalite.

Etap 2 : Mande timoun yo konte silab nan chak mo.

Etap 3 : Mande yo konte konbyen vwayèl ki gen nan mo yo.

Etap 4 : Mande yo konte konbyen konsòn ki genyen.

Etap 5 : Mande yo konbyen lèt mo sa yogenyen.



2. Rakonte istwa

Objektif : Timoun nan ap kapab rakonte yon istwa pèsònèl ou imajinè sou jistis.

Dire : 20 minit

Etap 1 : Mande timoun yo imajine oubyen panse ak yon sitiayson enjis yo te viv.

Etap 2 : Mande yo rakonte istwa a epi pale sou ki jan yo te santi yo. Mande yo ki jan sa te dwe pase pou sa te ka jis.

3. Pyès teyat sou Jistis

Objektif : Timoun nan ap kapab jwe yon pyès teyat ki konekte ak tèm jistis.

Dire : 45 minit

Etap 1 : Mande timoun yo fè gwoup 5 timoun.

Etap 2 : Mande yo monte yon pyès teyat 5 minit pou dekri yon sitiayson enjis oubyen jis.

Etap 3 : Envite yo sòti nan lakou a pou yo kapab monte pyès la epi fè reptisyon.

Enpòtan : Sipèvize timoun yo. Poze yo kesyon pou wè si pwoblèm yo chwazi a se yon pwoblèm jistis. Gide yo pou yo rive gen pwoblèm ak solisyon nan ti pyès la.

Etap 4 : Lè yo fini, mande gwoup yo youn aprè lòt jwe pyès pa yo a pou gran gwoup la / rès klas la.



4. Chante ak Lakou Kajou

Objektif : Timoun nan ap aprann definisyon mo Jistis ak chante Lakou Kajou a.

Materyèl : Laptòp ak pwojekti (oubyen televizyon), segman videyomizik Jistis.

Dire : 15 minit

Etap 1 : Pwojte segman videyomizik Jistis pou timoun yo.

Etap 2 : Mande tout timoun kanpe pou chante, danse avèk Joel.

Etap 3 : Mande timoun yo ki pati yo te pi renmen nan chante a epi pou ki sa.

Etap 4 : Mande timoun yo ki sa yo aprann sou mo Jistis.